No. 45 — 20 December 1929 — Taoen 9.

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA
sampoen kalijan regining Soeara Katholiek

1 taoen . . . f 7,50 } njoewoen kabajar roemijin.
½ „ . . . f 3,75 }

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

Wara-wara—Riaja Wijosan Dalem —Pitakénan lan wangsoelan—Ngatos-atos — Gesang rerajatan enz. — Badé kétjalan bati 34 miljoen — K. W. ing Ambarawa — K. W. Blitar—Seseboetan lan blandjanipoen — Pasemon-pasemon ing salebeting padalangan — Néka-warni — Ontjèn sekar gambir melati — Oerap-sari — Correspondentie.

WARA - WARA.

Kwartaal IV sampoen mèh poendat, taoen énggal sampoen mèh mantjik; mila para lengganan, ingkang dèrèng ngloenasi kwartaal IV kasoewoen énggala maringi.

Wiwit sapoenika lengganan énggal Taoen '30 oegi dipoenkintoeni Sw. Tm. Nanging kawoeningana arta lengganan kabajar roemijin.

Saking Administratie Sw.Tm.

RIAJA WIJOSAN DALEM.

(25 Désèmber).

Sasampoenipoen mangsa Advèn, ladjeng riaja wijosan Dalem Sang Kristoes. Advèn asalipoen saking adventus basa Latin tegesipoen: rawoeh, dados mangsa Advèn ateges: mangsa ngantos-antos rawoeh Dalem Sang Kristoes. Tjara Katoelik anggènipoen ngantos-antos waoe dipoenkantèni mati raga lair batos.

Jèn riaja Wijosan Dalem, Grédja-Grédja kapadjang. Para Imam sami njaosaken Mis kaping tiga, minangka prasemon: 1e. Mijos Dalem wonten ing Bètlekèm. 2e. Mijos Dalem wonten ing manah koela sadaja. 3e. Mijos Dalem saking Hjang Rama.

Ngadat ing Grédja-Grédja wonten énta-éntaning goewa Bètlekèm. Ingkang kados makaten poenika wontenipoen sampoen wiwit kina. Ing sakawit énta-éntaning goewa Bètlekèm poenika katingal boten gesang, kemba kémawon, woesana ladjeng dipoendamel gesang déning Santo Fransiskoes Asisi.

Ngadjengaken 25 Désèmber 1223, Santo Fransiskoes Asisi rembagan kalijan mitranipoen inggih poenika Ridder Joanes de Graecio badé mempeng anggènipoen moeljakaken wijosan Dalem. Ridder Joanes ladjeng dawoeh damel goewan wonten ing wana, dipoendèkèki pamakanan mawi roempoet aking. Ing sandingipoen wonten lemboe lan koeldinipoen. Para moeridipoen Santo Fransiskoes sami dateng saking poendi-poendi, tetijang djaler lan èstri sami ambekta lilin lan obor, pating klentjar. Ing ngrikoe wonten Imam ingkang ngoerbanaken Mis Soetji. Santo Fransiskoes ingkang dados diaken sarta menjanjèkaken Indjil Soetji. Para Broeder sanèsipoen sami menjanji.

Santo Fransiskoes ladjeng moelang dateng tetijang, njrijosaken jèn Goesti wonten ing pamakanan moelang bab: tresna dateng kamlaratan toewin dateng kanor-ragan.

Tetijang sami trenjoeh manahipoen, nanging ingkang trenjoehipoen katah pijambak: Santo Fransiskoes.

Wiwit nalika samanten énta-éntaning goewa Bètlekèm poenika anggadahi teges ingkang lebet (ngemot piwoelang).

Toemrap Santo Fransiskoes Asisi sami-sami riaja, dinten wijosan Dalem poenika kaanggep ingkang inggil pijambak, djalaran anggènipoen manoengsa kateboes poenika ingkang nomer satoenggal goemantoeng saking ngrikoe, awit sareng Goesti sampoen mijos, tetéla jèn manoengsa kateboes.

Soemangga sami moeljakaken riaja Wijosan Dalem dipoenkadosa Santo Fransiskoes, inggih poenika ningali (oetawi ngangen-angen) goewa Bètlekèm, ladjeng trenjoeh ing katresnan.

Woesana ngatoeri kasoegengan Kèresmis.

PITAKÈN LAN WANGSOELAN.

Wonten satoenggiling sadèrèk ingkang takèn makaten:

1e. Poenapa tijang Katoelik kénging njoewoekaken anakipoen dateng Kjahi oetawi ngoelama Agami sanès, soepados boten tansah sesakiten oetawi nangis kémawon.

2e. Oepami laré waoe kasantoenan naminipoen, amargi tansah sesakiten kémawon, mbokmanawi boten djodo kalijan namanipoen waoe, poenapa inggih kénging? Poenapa sadaja waoe boten kalebet goegon-toehon?

Wangsoelan:

Manawi mawang oengeling pitakèn kekalih poenika, sadaja kalebet goegon-toehon, dados boten kénging dipoentindakaken. Nanging soepados tjeta, badé koela djèrèng.

Tijang saged andjampèni laré kados makaten poenika:

a) namoeng awewaton kodrat, kadosta dokter mawi djampi; terkadang dokter boten saged andjampèni, dipoenpidjetaken ladjeng mantoen. Ingkang kados makaten poenika kénging kémawon, sanadjan ingkang midjeti waoe Kjahi oetawi ngoelama sanès. Nanging toemrap tijang Katoelik ladjeng boten kénging, samangsa ladjeng misoewoer, bilih tijang Katoelik waoe katingal soejoed dateng ngèlmoenipoen Kjahi oetawi dateng Agami sanès.

b) saking pitoeloenganing sétan. Jèn makaten, boten kénging babar pisan.

c). saking pitoeloenganing Goesti Allah. Prakawis poenika kawoeningana, bilih Goesti Allah boten badé paring pitoeloeng dateng tijang ingkang klintoe pasoewitanipoen dateng Pandjenenganipoen, ngantos tetijang sami kadjlomprong mastani, jèn poenika pasoewitan (ngèlmi oetawi gami) Aingkang sanjata.

d) saged oegi awewaton kodrat kados ingkang kaseboet ing *a*, nanging mawi dipoentambahi goegon-toehon. Oepami wonten doekoen pidjet Katoelik. Sadèrèngipoen midjeti, sembahjang roemijin. Poenika saé. Nanging oepami moengel makaten: Sembahjangé koedoe „Sembah bekti ping lima", jèn ora, ija ora mari. Poenika goegon-toehon. Dados boten kénging, awit mastani, bilih tjatjahing sembahjangan ingkang saged njarasaken. Makaten oegi jèn poen Kjahi nganggep, bilih soewoek (seboel) saged mantoenaken, soewoekipoen kedah mawi rapal makaten-makaten, poenika goegon-toehon. Dados boten kénging. Toenggilipoen manawi ngoelama Agami sanès, anggènipoen andjampèni mawi dipoentoempangi oetawi andemèk kor-an, poenika inggih goegon-toehon, awit kor-an boten saged nggadahi daja kados makaten. Saminipoen mastani, jèn andemok kor-an, tanpa wisoeh roemijin, mesti goedigen. Poenika inggih goegon-toehon. (Pènget: koela sampoen pinten-pinten taoen kerep andemok kor-an tanpa wisoeh poenapa, la teka dèrèng naté goedigen).

Wondéné njantoeni nama, poenika pantjènipoen kénging kémawon. Abdinipoen Kangdjeng Sinoehoen poenika angger gantos pangkat, ngadat inggih gantos nama. Nanging jèn gantos nama, soepados mantoen sakitipoen, poenika boten kénging, djalaran poenika goegon-toehon. Bangsa Djawi asring mindah namaning laré, soepados mantoen sakitipoen soepados ingkang nggoda-rentjana pandoeng (pangling). Poenika boten pinanggih ing nalar. Oepami ingkang nggoda-rentjana waoe poen sétan (djalaran memedi, ingkang mbaoe reksa poenapa poenika boten wonten), mangsa, sétan teka kéngingdipoenapoesi makaten! Bangsa mokal!

Saking pamrajogi koela, laré waoe kapriksakna dokter oetawi jèn dokter boten saged, kapadosna tijang ingkang wasis midjeti, oetawi kaombènana toja-Ignasioes (Ignatius water) mawi dipoenkantèni novéne. Jèn kepanggih Rama Pastoer, kaatoerana mriksani poen laré waoe, mbokmanawi saged paring rembag.

—LARASATI.—

Ing Sw. Tm. ingkang sampoen-sampoen koela nembé ngrembag kawontenanipoen wanita.

Ing sapoenika koela badé ngrembag kawontenanipoen:

GESANG RERAJATAN LAN DJAGAD SOCIAL.

1. Poenapa ingkang dipoen wastani djagad social para maos temtoenipoen sampoen boten kekilapan; oepami djagad social poenika rimbagan banon, familie poenika banonipoen. Familie ingkang kempalipoen ngwontenaken djagad poenika (maatschappij); familie ingkang damel lestantoen-wontenipoen, margi anggènipoen ngedalaken widji.

2. Familie poenika toeking kaoetamèn social, inggih poenika: katresnan, pambangoen toeroet, rengkoeh-rinengkoeh, djagi-djinagi, djasa-djinasa; mokal tijang saged dados isining pradja (burger) saé, manawi boten saé anggènipoen dados anak, bapa, kakang-adi, mitra oetawi goeroe-laki. Djalaran kados-poendi tijang badé saged tresna dateng tanah woetah rahipoen kados dateng bijoengipoen, lan dateng sesami kados dateng kakang-adi, manawi boten gadah roemaos kinoebeng roemeksaning bijoeng toewin roemengkoeheng sadèrèk? Kados-poendi tijang gadah kategoehan wani ngoerbanaken badanipoen dateng tanah woetah rahipoen, manawi boten kagladi ing saben dinten wonten ing grijanipoen tijang sepoeh?

3. Familie poenika dados pametjoeting dateng panjamboet damel miwah dateng gemi. Familie dados toek mindakipoen banda lan karahadjenganing tijang sapradja.

Mila lepat sanget Pangrèh ingkang badé damel angger, ingkang saged bibrahaken oetawi ngaroe-biroe soepeketing familie.

Wadjib.

Margi wontenipoen familie, ladjeng wonten lelajananipoen sadaja ingkang mangoen familie waoe. Djalaran wonten béda-bédaning wewenang toewin wadjib, kabekta saking lelajanan waoe, familie oetawi gesang rerajatan kawengkoe ing woelang rèh, ingkang karingkes lan kaprintji dados 5:

I. Wewenang lan wadjibing tijang djaler dateng ingkang èstri toewin ingkang èstri dateng ingkang djaler;
II. Wewenang lan wadjibing tijang sepoeh dateng anakipoen;
III. Wadjibing anak dateng tijang-sepoehipoen;
IV. Wadjibing anak dateng sami déné anak;
V. Woesana: wewenang lan wadjibing bendara dateng batoer (abdi), abdi dateng bendara.

I. Wewenang lan wadjibing tijang djaler dateng tijang èstri toewin ingkang èstri dateng ingkang djaler.

Wadjib poenika wadjibing kasoesetyan, toeloeng-tinoeloeng, djagi-djinagi, tresna-tinresnan; kalih-kalihipoen kedah njingkiri sadaja ingkang tjengkah lan toedjoenipoen tijang sesémahan, inggih poenika mentjaraken toeroen, ngoepakara anak dateng kaoetamèn, lan toeloeng-tinoeloeng.

Tijang djaler, menggahing ingkang èstri, wadjib dados pandjagi lan pangajoman, inggih ing babagan djasmani, inggih ing babagan rohani.

Nomer satoenggal tijang djaler ingkang kedah andjagi tjekaping betah lan sepining baja-pari-baja, sarana panjamboet damelipoen.

Bagéjaning tijang èstri njepeng départemèn ing grija. Tijang èstri kawadjib nomer satoenggal ngoepakara anak sadangoenipoen laré taksih dados momongan; manawi anak sampoen saged mbonda-kalani, tijang kalih madjeng sareng, anggarap laré waoe dadosipoen tijang, djangkep ing sadaja betahing ngagesang. Lan wadjib ageng malih toemrap tijang èstri i. p. andjagi prajogining pranatan ing grija.

Tijang èstri wadjib ambangoen mitoeroet dateng tijang djaler, poenapa malih kedah gadah bekti toewin-pangadji-adji dateng ingkang djaler. Djalaran familie poenika maatschappij, nanging alit-alitan; mila kedah wonten ingkang dados pangageng; déné pangagenging waoe tijang djaler, djer ingkang sembada menggahing kawroeh, toewin pangertos dateng békaning ngagesang poenika tijang djaler. Mila tjeta Goesti anggènipoen ngodrataken, bilih tijang djaler ingkang tinoeding dados loerahing grija. Temtoe kémawon tijang djaler anggènipoen nindakaken sadaja wadjibipoen dados pangageng boten kénging tilar doegi-prajogi miwah pangrengkoeh, ingkang salaras kalijan dradjading tijang èstri ing salebeting familie.

Noewoen; tembé wingking kateroesaken. *A.*

KOEROE SÉTRA.

NGATOS - ATOS.
Nanggapi prakawis serat kabar padintenan.

Sadèrèk M. J. Hardjasoebrata gadah pangadjak, oetawi kénging koela wastani oesoel, soepados kita damel serat kabar Katholiek padintenan, ladjeng sadèrèk C. Ordeeka nambahi katrangan lan notjogi wontenipoen serat kabar Katholiek padintenan waoe. Sapoenika koela kados-poendi?

Makaten sadèrèk! Koela jakin jèn mila pantjèn kedah wonten serat kabar padintenan kanggé sadèrèk Katholiek Priboemi. Nanging kados-poendi tijang saweg kados makaten, poenapa kinten-kinten saged, awit damel serat kabar padintenan poenika padamelan ingkang awrat lan angèl. Betahipoen katah sanget:

1e. Kita kedah gadah kapitaal. Tanpa kapitaal boten badé saged toemindak. Mila leres pangandikanipoen C. Ordeeka jèn Sw. T. kedah akendit ringgit poenika! Kapitaal boten tjekap jèn namoeng alit-alitan kémawon, kedah ingkang mèmper, sakinten saged toemindak, lan malih kedah dipoensadijani sèrep oegi.

2e. Kita kedah gadah baoe. Sanadjan sampoen wonten kapitaal jèn boten wonten ingkang ngrigenaken inggih boten badé saged kaleksanan. Poenapa sapoenika sampoen wonten ingkang kadoegi ngembani dagblad kita ingkang badé wonten. (Noewoen, klanoewoen sèwoe, koela boten babar pisan ngina dateng pandjenenganipoen Rama Redactie. Awit koela ngertos jèn Rama pandamelanipoen katah, toer poenika namoeng sampiran).

Kadjeng koela koran poenika kapasrahna dateng tijang ingkang midji, dados boten namoeng somparsampiran kémawon. Jèn namoeng wongsal-wangsoel sampiran poenika, rekaos sagedipoen saé. Mila prakawis poenika koela atoeri manggalih saèstoe.

Ladjeng malih: poenapa sampoen dojan dipoendasari dagblad poenika? Nitik ngandikanipoen sadèrèk C.O. sapoenika kémawon tjatjahing lengganan saweg samanten, lah béndjing malih ingkang saja awrat badé sapinten?

Rekaosipoen malih dèrèng gadah drukkerij! Déné manawi sampoen, jatranipoen temtoe béda. Inggih saboten-botenipoen jèn dipoen-garap pijambak temtoe langkoeng saé, sakétja, mirah, lan sakedik moetawatosipoen tinimbang jèn dipoenberahaken. Sapoenika Sw.T. wonten Ngajodja saged tjelak kalijan drukkerij poenika oegi sampoen nambahi saé, lan sakétjaning toemindakipoen.

Ladjeng kanggé panoetoep: manawi mila èstoe badé damel dagblad koela njoewoen kadamel tjara Mladjeng kémawon. Poenika badé saja djembar tebanipoen. Nanging weling koela: jèn kinten-kinten boten sembada aloewoeng boten kémawon. Sampoen namoeng sataoen kalih taoen, njengka tigang taoen, ladjeng dados djenat! Jèn makaten Sw.T. lan S.K. kémawon dipoenagengaken malih, sampoen tjekap.

SOE—TÉDJA.

BADÉ KÉTJALAN BATI 34 MILJOEN??

Poenapa boten awrat!??

(Réka daja njirnakaken tijang-tijang madat).

Jèn boten lepat, padagangan tjandoe poenika doek ing kinanipoen dèrèng dipoenmonopolie déning Kangdjeng Goepermèn, artosipoen ingkang ndagang tjandoe kénging sadéngaha tijang. Kados déné sarem poenika roemijin oegi makaten. Samanten oegi tetijang ingkang sami madat alijas njerèt, poenika inggih saben iroeng kénging. boten soesah mawi barang-barang,

Sareng sapoenika pedagangan tjandoe waoe sampoen dipoenmonopolie déning Kangdjeng Goepermèn, liripoen sanèsipoen Kangdjeng Goepermèn boten kalilan ndagang tjandoe. Jèn wonten tijang ingkang wani-wani nglebetaken lan njadé tjandoe, poenika nama tjandoe peteng (tjandoe gelap). Jèn konangan ing Kangdjeng Goepermèn mesti dipoenbeslah, sarta ingkang ndagang sampoen takèn dosa. Kanggé ndjagi soepados boten tansah wonten tjandoe gelap, Kangdjeng Goepermèn jasa poenggawa sarta sepijoen-sepijoen tjandoe, ingkang tansah naliti jèn wonten kapal dateng, ambok bilih isi tjandoe gelap.

Menggah anggènipoen padagangan tjandoe ladjeng kaasta ing Kangdjeng Goepermèn, saking panginten koela: perloe kanggé ndjagi soepados lebeting tjandoe wonten ing Indonesia ngriki boten namoeng sakersa-kersanja kémawon, nanging mawia wates; margi sampoen kasoemerepan bilih tjandoe poenika ratjoening donja sajektos. O, boten perloe katjarijosaken agenging bebajanipoen mbok lara ireng, para maos ingkang minoelja sampoen sami oeninga sadaja! Boten wonten saénipoen sakedik-kedika tijang madati poenika. O, apjoen mila ratjoen; ratjoening kasarasan, ratjoening kasoesilan, ratjoening ékonomi, ratjoen . . . . . ratjoen . . . . .

Kadjawi panjadéjan tjandoe kamonopolie ing K. Goepermèn, tetijang ingkang sami kaloeloet ing sang lara ireng moesibat, sami dipoenpèngeti tjatjahipoen. Manawi badé toembas tjandoe ing dipo kedah mawi mbekta licentie. Jèn boten, mesti boten pikantoek toembas. Tijang-tijang ingkang dèrèng dados batoeripoen sang tjandoe, dipoenengèlengèl saoepami badé . . . . . toemoet koersoes!! Poenika inggih satoenggiling pandjagi moerih tjatjahing tijang madati saja soeda, oetawi apesipoen boten mindak. Déné soedanipoen waoe manawi wonten pemadat ingkang poepoet-joeswa!

Mila sareng koela maos Sw. tm. no. 43 ingkang medal kala 6 Dec. poenika, bagéjan kabar oemoem Indonesia, petikan saking Deli Courant, ingkang njrijosaken bilih tetijang Tionghwa ing Soematra pss. Wétan, ngwontenaken panitya kapoerih rekès dateng panitya apjoen gadahanipoen Volkenbond, ingkang neda soepados pamedal toewin padagangan tjandoe dipoenitjali. Manawi saged ing salebetipoen 3 taoen. Panitya waoe oegi kapoerih rekès dateng Paréntah Indonésia, njoewoen soepados Negari jasa grija sakit kanggé mantoenaken tetijang ingkang sami madati. Manah koela bingah saha setoedjoe sanget dateng actie-nipoen panitya Tionghwa ing Soematra pasisir Wétan waoe.

Actie-nipoen sadèrèk Tionghwa waoe pantes sinoedarsana, saha sampoen samestinipoen jèn dipoenbantoe sakijat-kijatipoen; djer menggah ing paédahipoen, sampoen boten mastani malih, genah ageng sanget, mboetjal ratjoening djagad!

Panitya waoe medal saking sadèrèk Tionghwa, djalaran ingkang dados abdinipoen embok lara ireng ingkang katah sdr. Tionghwa. Katahing pemadat T. H. wonten 10%-ning djiwa T.H. sa-Indonesia, i. p. wonten 89.818, tjandoe ingkang

mlebet ing pedoedan ± wonten 1.205.359 tail pengaos ± f 30.134.000 (boten sakedik lo, 30 mlijoen 134 èwoe roepijah!!!). Sareng pemadat Indonésier wonten 0,2%-ning djiwa sadaja, i. p. 81.491 tjatjah sirah, tjandoe ingkang dados koerban wonten 395 507 tail, mbedjadji ± f 10.887.675. (Arta 10 joeta 887 èwoe roepijah poenika toemraping tijang Indonésier oegi boten nama sakedik!!).

Saking padagangan tjandoe waoe Goepermèn angsal bati f 34.000.000 (zegge tigang dasa sekawan miljoen roepijah).

Arta ingkang dados koerbaning tjandoe kaseboet waoe, saweg ingkang dipoenpèngeti ing Pamaréntah. Dados wontenipoen tjandoe gelap ingkang boten konangan dèrèng toemoet kapétang. Mangka wontenipoen tjandoe gelap inggih boten nama sakedik!

Poenapa kinten-kinten réka dajanipoen panitya ingkang saé waoe, ingkang pantes nampi bantoean poenika, badé saged kaleksanan? Mangsoeli pitakèn makaten poenika boten gampil. Margi boten saweg sapisan poenika wonten ada-ada ngitjali tjandoe, nanging sampoen wongsal-wangsoel wonten panitya pinten-pinten ingkang toenggil toedjoe lan panitya T. H. waoe.....; éwadéné doemoegi sapriki taksih adjeg kémawon. Poenapa ta daroenanipoen? Moesibatipoen njai rara ireng tijang sadjagad (kedjawi ingkang sampoen dados bregondalipoen) sampoen sami ngakeni sadaja!!! Mila kijanat sajektos!

Kedjawi boten saged ngèndeli madat dadakan, taksih wonten sabab ageng ingkang nggéndoli itjaling tjandoe. Saoepami nékad dipoenproesa, mesti katah tijang-tijang bregondalipoen ingkang sami pating kelèlèt kados badé metjati!! Mesti mesakaken sanget. Mila koela roedjoek, réka daja waoe katindakna saking sakedik. Nanging kémawon wonten n i n g-ipoen. Jèn réka daja waoe taksih njoewoen kémawon dateng Pamaréntah, mesti tangèh (dangoe sanget) kasembadanipoen, margi.....

Para maos! koela waoe sampoen matoer, f 34 miljoen poenika boten sakedik. Saoepami Pamaréntah ngleksanani panjoewoenan rekès waoe, poenika tegesipoen Goepermèn badé kétjalan bebatèn f 34 miljoen ingkang kénging kanggé ngragadi kabetahaning negari. Kedjawi poenika iba badé sambatipoen para poenggawa tjandoe, margi kepeksa bezuiniging!! Nagari pijambak tombok katah (kedjawi toena ingkang f 34.000.000), kanggé ndjampèni sakitipoen para pemadat.... Mila koela nginten mesti angèl kasembadanipoen!!

Ingkang prajogi pijambak inggih nandangi para pemadat-pemadat soepados p o e r o e n a n j o e d a t a d a h i p o e n n j e r è t, dipoenpinangkani saking sakedik, poenika saged oegi sang tjandoe badé sirna, tijang njerèt badé moesna kadjengipoen pijambak!!

Déné réka daja anggènipoen nandangi poenika: m a n g s i b o d o a!!*)

Taklim: KLENTRENG P. M.

ONDERWIJS.

SESEBOETAN LAN BELANDJANING GOEROE.

—o—

Sadèrèk N. N. ing B a h a g i a no. 263, moerinani daradjading goeroe. Soeraosipoen makaten:

Goeroe bangsa kita poenika factor bakoe pijambak toemrap adjenging tanah kita. Mila sampoen saleresipoen tetijang kedah sami angaosi sadaja panoentoening Inl. Onderwijs, i.p. g o e r o e - g o e r o e B o e m i p o e t e r a.

Djaman roemijin deradjading goeroe kadjèn, Nagari karsa lan manggalih preloe maringi seseboetan Wadana goeroe dateng kepala pamoelangan angka satoenggal. Nanging kirang langkoeng taoen 1910, seseboetan waoe itjal saking sakedik, lan wiwit wekdal poenika tetijang sami kirang ngaosi dateng goeroe. Anjarengi poenika timboeling ébah-ébahan warni-warni. Ébah-ébahan waoe ing sakawit asipat loyal. Nanging sareng tetijang babar pisan kasoepèn dateng kahoermataning goeroe, ébah-ébahan waoe ladjeng saja santer ngantos noewoehaken ébah-ébahan S. R. toewin kominis. Prakawis poenika boten saking piwoelang oetawi pangadjaking goeroe, nanging poenika woedjoed wohing mesgoeling goeroe ingkang tansah karendem wonten salebeting manah, inggih kabekta saking kétjalan kahoermatan waoe.

***

Schoolopziener poenika: 1 Dados kanti poenapa déné angladosi Boepati, Inspecteur, Wadana, Assistent Wadana, Schoolcomissie, loerah doesoen lan panoentoening sakolahan-sakolahan partikelir. 2 Noentoen goeroe-goeroe pamoelangan angka kalih lan sakolahan doesoen. 3 Gadah tetanggelan awrat toemrap andap inggilling woelangan.

Margi poenika, poenapa boten saleresipoen manawi goeroe-goeroe wedalan Kweekschool kasamèkaken kalijan Ass. Wadana, Schoolopziener kasamèkaken kalijan Wadana. Ngèngeti awrating sesanggèn toewin tetanggelan, sampoen matoek sanget manawi Schoolopziener pikantoek seseboetan Wadana Goeroe, poenapadéné pikantoek djoeroe serat.

***

Kados ing nginggil, mesgoeling manahipoen para goeroe saged andajani awon dateng moerid-moeridipoen, Mila sadèrèk N. N. ngatoeraken rembag tatanan balandjanipoen goeroe kados ing ngandap poenika kanti angèngeti oegi tatanan balandja ing kalangan B. B. lan kalangan sanèsipoen.

Ing djagad goeroe kedah dipoenwonteni pangkat Kepala klas satoenggal lan klas kalih.

1. Goeroe bantoe sekolahan doesoen soepados kablandja f 20 doemoegi f 40, sawoelan.
2. Goeroe doesoen kl. II: f 25—f45.
3. Goeroe doesoen kl. I: f 30—f 50:
4. Hoofd goeroe doesoen: f 35—f60.
5. Goeroe bantoe sekolahan kl. II.: f 40—f 100 (goeroe bantoe poenika dédé wedalan K. S. oetawi N. S., lan prajogi kaparingan seseboetan goeroe bantoe kl. II.)
6: Goeroe bantoe wedalan N. S.: f 50—f 125, angsal seseboetan goeroe bantoe klas I.
7. Goeroe bantoe saking K. S.: f 100-f 200, angsal seseboetan Hoofd goeroe bantoe.
8. Kepala pamoelangan saking goeroe bantoe biasa: f 60—f 120, angsal titel Onderwijzer 2e kl.
9. Kepala saking Normaalschool: f 75—f 150, angsal seseboetan: Onderwijzer 1e klas.
10. Kepala saking Kw. S.: f 125-f 250, angsal titel Hoofd onderwijzer.
11. Sch. opz. 2e. klas, lan goeroe-goeroe V.I O. toewin Mulo kablandja: f 200-f 350.
12. Schoolopziener 1e klas: f 250-f 400.
13. Hoofdschoolopziener: f 300-f 450.
14. Hoofdschoolopziener: 1e klas: f 350-f 500.

Hoofdschoolopz. kaseboet ing no. 13, poenika dados panoentoen Inl. onderwijs ing salebeting Kaboepatèn, déné Hoofd S. O. no. 14 poenika njamboet damel wonten kantor Inspectie.

***

Koela kinten anggènipoen mawi pépétakan 1e klas, 2e klas, poenika boten dados leganipoen djaman samangké. Djer sasantinipoen djaman sapoenika: manoenggil, roekoen, boten ngadjengi systeem mbédak-mbédakaken.

Poen: ???.

*) Goepermèn sampoen katah sanget pitoetoeloenganipoen dateng tijang ingkang madat sarana ngengirangi tjandoe toelèn ing impling, (persènipoen sampoen sakedik jèn katimbang kalijan roemijin), sarana ngengèl-engèl tijang toembas tjandoe.— Poenapa Goepermèn rangoe-rangoe ngitjali ama makaten poenika??? Red.

SAKING PAKEMPALAN.

PALAPOERAN PAREPATAN TAOENAN K. W. ING AMBARAWA.

Nalika tanggal 8 December 1929 K. W. ing Ambarawa ngwontenaken parepatan taoenan wonten ing Leerschool I.

Ningali tjatjahing warga ingkang sami ngrawoehi, saèstoe adamel mareming manah; awit warga 33 ingkang rawoeh 27, wakil 2, dados goenggoeng 29. Ingrikoe katitik grengsengipoen oetawi tresnanipoen para warga dateng pakempalanipoen.

Warga pangrèh pepak; Rama Parampara énggal Pater A. de Kuyper oegi rawoeh andjenengi; tamoe tiga.

Djam 9.30 parepatan kabikak déning Pangarsa sadèrèk Mangoenwidjaja kanti pambagé Katholiek. Sasampoening notulen kawaos saha kaabsahaken, ladjeng miwiti maos verslag-verslag. Wondéné verslag-verslag waoe ingkang ngagengaken manahipoen para warga: 1e. verslag-ipoen hartaka K. W., déné mlebetipoen arta saged saé, sanadyan kantongipoen para warga kerep karogoh miroenggan; 2e. verslag-ipoen Pangroektilaja, déné sampoen saged mboekoni padamelan ingkang adamel mareming manah; mila sampoen samestinipoen, bilih ing mangké Pangrèh P. L. kaoeogan swara, amrih lestantoenipoen.

Satelasipoen maos verslag-verslag, Pangrèh-Pangrèh sami lèrèh, badé kagantosan Pangrèh énggal. Pamilihipoen Pangrèh énggal inggih kados adat mawi alad-alad lintoe pamanggih ing satjekapipoen. Wasana dawahing oendi:

I. Pangrèh K. W.
Pangarsa: sadèrèk Mangoerwidjaja, (angsal swara 23).
Panitra: sadèrèk Hardjaatmadja (swara anggoeloeng dados satoenggal).
Hartaka: sadèrèk Martasoewignja (swara 27).
Warga sanès: sadèrèk Soerja-Banaroesit toewin Darsana.

II. Pangrèh P. L. tetep.
Pangarsa: sadèrèk Adisoemarta.
Panitra: „ Djajasoemarta.
Hartaka: „ Padmawardaja.

III. Pangrèh Debating Club tetep.
Pangarsa: sadèrèk Tjakrawardaja.
Panitra: „ Martasoewignja.
Hartaka: „ Wignjaasmara.

IV. *a.* Ingkang katoeding dados oetoesan dateng P. K. W. sadèrèk: Adisoemarta kalijan Darsana, mawi andoengan sadèrèk: Mangoenwidjaja kalijan Tjakrawardaja.

b. Ingkang kapatah mriksa lebet wedaling arta K. W., sadèrèk: Tjakrawardaja, Hardjaatmadja toewin Wignjaasmara.

Saladjengipoen parepatan ngwontenaken oesoel dateng P. K. W.:

Njoewoen soepados sadèrèk tiga ingkang kaseboet ing ngandap poenika wontena ingkang kalebetaken wonten ing Pangrèh P. K. W.:

1. sadèrèk Djoepri Nitihardja.
2. „ Harjadi.
3. „ Soema Bremani.

Kadjawi poenika taksih ngwontenaken poetoesan:

1. Pangrèh K. W. badé ichtijar amrih indaking lengganan Sw. Tama ing gegebenganipoen K. W. Ambarawa.
2. Correspondent Swara-Tama kalijeraken dateng Panitra.
3. K. W. ngoeroeni kinderfeest Decemberan katah-katahipoen f 10 saben sataoenipoen.

Djam 1,15 parepatan katoetoep kanti wiloedjeng.

Panitra manten.

PAREPATAN K. W. BLITAR.

nDèrèk njarengi dinten ageng riaja Dalem Kangdjeng Iboe Dèwi Marijah pinoerba tanpa dosa asal tanggal 8 December 1929. K. W. Blitar ngawontenaken parepatan taoenan, wonten ing panti internaat Pastorie Blitar djam 10 éndjing parepatan kabikak ing Pangarsa. Ingkang rawoeh Geestelijke Adviseur, Bestuur pepak, warga 11, tamoe 1 ladjeng teroes mlebet warga, lowong 4, ingkang 2 mawi idin, sanèsipoen boten.

Sadèrèngipoen parepatan tapoek, sami ngloehoeraken Pepoendèn kita, lan Pangarsa ngatoeraken soegeng, panoewoen doemateng para sadèrèk ingkang ndjenengi; lan matoer noewoen doemateng Pandjenenganipoen Rama ing Blitar, déné sampoen karsa maringi papan kanggé parepatan saoeba-rampénipoen pisan.

Agénda:

I. Pmboeka.

II. Panitra maos notulen parepatan kala 8 9-'29, pinanggih absah.

III. Maos pakabaran saking H.B. P.K.W. lan serat kintoenan.

IV. Verslag-ipoen K.W. Blitar:

a. Tjatjahing warga poengkasanipoen taoen 1928. = 15.
Tjatjahing warga poengkasanipoen taoen 1929. = 14.
Dados soeda 1.

b. Kawontenaning arta:
Arta loemebet f 30, 50.
Kasetoraken dateng P.K.W. f 0,84, (saweg 2 woelan).
Saldo taoen kapengker f 10,20.
Sapoenika K.W. gadah kas f 15,42⁵.

c. Parepatan bestuur kaping 2, parepatan warga kaping 2.

d. Padamelanipoen (jasanipoen K. W.).

Studiefonds.

Maksoedipoen kanggé mragadi pasinaonipoen laré R. K. ingkang sèkèng samoekawisipoen. Panarikipoen arta dana sarana Contributie adjeg, nanging namoeng sakoewaosipoen. Sampoen mragadi moerid H.I.-S. ing dalem 15 woelan = f 45. Studiefonds taksih simpen arta f 105,40.

V. Pilihan Bestuur.

Bestuur lami tetep, wewah Commisasris 2.

Woedjoeding Bestuur énggal:

1. Pangarsa: Heer. C. J. Sindoeprawata.
2. Panitra: Hr. A.S. Martasoedarma.
3. Hartaka: Heer S.I. Hardjadarsana.
4. Commissarissen: Heer H. T. Tjakraséwaja, Heer R. J. Adiwardaja.

VI. Oesoel-oesoel dateng P. K. W. lan oetoesan.

1. Sw. Tama, njoewoen soepados dados dagblad, botenipoen saminggoe kaping kalih, reginipoen dagblad f 15,— saminggoe ping kalih f 10,— alasan: Kabar boten wajoe, ndjalari toekang kabar lan pengarang sregep nglebetaken; saja dangoe tjatjahipoen djiwa R. K. saja mindak katah. Katanding kalijan koran sanèsipoen ingkang djadjar peilipoen oetawi sangandapipoen saged toemindak. Koran kita kedah saged toemindak.
2. Sawoeng bestuur P.K.W. adjeg, awit dalemipoen para sadèrèk Bestuur sampoen tjaket, G. A. P. K. W.
3. Oetoesan: parepatan P. K. W. A. S. Martasoedarma.

VII Pitakénan.

Bestuur: Sesorah bab, SW. Tama lan Tamtama Dalem Dèwi Marijah, soepados sadaja lid K.W. sami kersaa dados lengganan kasebat. Pembajaran pendak woelan dateng Zelateur, pangintoen pendak kwartaal, lan mawi intilan njaketip kanggé ragad pangintoen salebetipoen sataoen. Wasana ingkang dèrèng dados lengganan sami kersa, kanggé taoen '30.

V.L.S. lan R.W. boten kasoepèn katawèkaken, sapérangan sami ngersakaken.

Kerstmis.

Comité Kerstfeest, sesorah badé tapoeking dinten riaja Kerstmis, para warganing K.W. katetangi katoeran tjetjawis samoedajanipoen perloe kanggé mangajoe bagja dinten pangènget-èngetipoen Sang Paneboes mijos; *manah Soetji, pangageman* (nanging manawi dèrèng kagoengan ingkang dines sawontenipoen), lan *oeba rampéning feest.*

Para warga sadaja ndèrèk Mis daloe djam 12, lan Communie sesarengan. Bakdal ndèrèk Mis ladjeng feest, alal-bahala lan pepanggihan wonten ing dalemipoen Heer S.I. Hardjadarsana Kepandjèn Kidoel Blitar.

N g i r a s p a n t e s n g a t o e r i p r i k s a.

N o e w o e n p a r a s a d è r è k k i t a R. K. i n g k a n g d a d o s w a r g a n i n g K. W. B l i t a r o e t a w i b o t e n, k i t a C o m i t é K e r s t f e e s t s a m p o e n s a m a d i j a p a n g g è n a n s a o e b a r a m p é n i p o e n k a n g g é n a m p i t a m o e i n g k a n g n d è r è k M i s d a l o e d j a m 1 2. S a m i n g g o e s a d è r è n g i p o e n s a m p o e n a m a r i n g i k a t r a n g a n: p/a. H e e r *S.I. Hardjadarsana*, H. I. S. J o h. G a b r i e l *Blitar*.. W a s a n a s a n g e t a d r e n g i n g p a n g a d j e n g - a d j e n g k i t a C.K. d a t e n g r a w o e h p a n d j e n e n g a n s a d a j a.

VIII. Parepatan katoetoep djam 1 sijang kanti wiloedjeng.

Verslaggever.
A. S. Mr. Soedarma.

VAN LITH-STICHTING

saben
pandjenengan tampi
100 sèn
poenika ingkang
1 sèn
kaparingna dateng
Van Lith-Stichting
kanggé mitoeloengi
betahipoen Imam
Seminarie lan Studiefonds

Pangrèh V. L. S.
p/a Bijz. H. I. S.
MAGELANG.

NÉKA — WARNI.

Pangrèh negari Tjina sampoen netepaken dinten Ngahad kanggé ngaso njamboet damel. Lan ing Noesantara ngriki kados-poendi? taksih kompèren; nanging sapoenika kados sampoen trontong-trontong, prakawis kèndel njamboet damel ing dinten Ngahad karembag dedreg, langkoeng-langkoeng kanggé tijang njamboet-damel ing onderneming-onderneming toewin palaboehan. Para ingkang wadjib mangertos sanget, dèrèngipoen wonten pranatan makaten poenika namoeng saking kirang dipoengatosaken kémawon, awit pamanggihipoen sadaja tjotjog, bilih „waton nijat, wonten krengkat." Inggih leres satoenggal kalih wonten ingkang tjarijos, manawi badé kapitoenan, kirang pamedal, samangsa dinten minggoe boten njamboet damel; ananging poenika boten njata.

Ingkang katah-katah malah langkoeng saé kanggé padamelan toewin ingkang njamboet damel. Tjobi dipoenentosi béndjing poenapa datengipoen pranatan makaten poenika.

Roeslan. Kados-poendi kawontenanipoen, poenapa taksih kados wingi oeni? Jèn ningali ombjaking serat kabar kados kok sampoen ragi soeda, ananging inggih saweg sakedik sanget. Dajaning kominis sampoen ragi lembèk, roemaos koewalahan. Makaten poenika rak sampoen mestinipoen, sampoen boten maiben; awit sinten tijangipoen ingkang badé ketjonggah merangi ingkang Mahaagoeng, nglawan ingkang Maha koewasa? Terang boten wonten.

Tjobi koela tjoeplikaken koran-koran ing Roeslan.

„De Pravda" njarijosaken, bilih propaganda koeminis ing pakampoenganipoen kaoem berah ing kita Pétrograd sampoen tjoepar, sampoen bobrok. Ingkang dipoenwastani goddeloozen-club sampoen boten wonten.

„De Werkliedenkrant" ngemot, kados-poendi kadadosanipoen voordracht-ipoen satoenggiling pangadjeng koeminis, makaten: Nilov, pangarsaning commissie ingkang ngrembag adjenging kasoesilan (cultus) énggal-énggal ambaptisaken anakipoen. Vladimirov, panitraning werkliedencomité ngatoeri pastoer ing grijanipoen. Para toekang menjanji sampoen menjanji malih wonten ing Grédja.

„Antireligosnik" njerat makaten: tradjanging koeminis roda pari peksa ikoe ora prajoga, ora ana pigoenané babar pisan. Manawa arep nglawan koedoe ngati-ati lan ditemenani. Ing sakolahan ora soesah dianani woelangan atheïsma (jèn Goesti Allah ikoe ora ana); ora soesah dianakaké anti-godsdienstige clubs barang, awit kang mangkono ikoe loewih mitoenani katimbang migoenani; ora soesah wong pada ngala-ala agama.

„De Pravda" martosaken: bilih pakarjanipoen para imam ing Tcheliabinsch saja saé, saja mindak ngrebda. Conferentie tansah saged adjeg toemindak; Grédja-Grédja dipoendandosi; ing ngrikoe dipoenwonteni bibliotheek sarta tijang sami nglempakaken arta kanggé kaperloean sanès.

Ing Orichovo-Zoniëv tijangipoen sami madjeng ing ngibadah, sowan Grédja; laré makaten oegi; mangka ing taoen '25 nama langka laré sowan Grédja.

Ingkang kaseboet nginggil poenika manawi ngèngeti wijaring tanah Roeslan inggih dèrèng sepintena, ananging sampoen nama boten kesangeten. Katah kita-kita ingkang kawisan moeljakaken riaja mijos Dalem Goesti Jésoes (Decemberan).

Soemangga sadèrèk sami toemoet béla soesah dateng sadèrèk kita ingkang sami nandang tjobèn makaten poenika, njoenjoewoen soepados sami panggah ing pangoentjanging drija. Kita sami memoedji lan ngadjeng-adjeng, bokbilih ing sapoenika sampoena kalilan moeljakaken dinten ageng Kèresmis, ingkang ingantos-antos datengipoen déning tijang majoeta-joeta. Noewoen.

Poen X.

KAGOENAN.

PASEMON-PASEMON ING SALEBETING PADALANGAN.

—o—

Petikan sosorahipoen sadèrèk Hardjawardaja. (Sambetipoen Sw. T. no. 44).

II. Kresna kalijan Djanaka.

Kresna kagambar tjemeng; tjemeng ateges kalanggengan.

Kresna gadah sekar widjaja koesoema; poenika dados pasemoning gesang (oerip).

Djanaka poenika wonten gambaripoen sakalangkoeng pasadja. Éwadéné kabagoesanipoen boten wonten ingkang njamèni; ngantos sineboet lalananging djagad.

Dados manawi tijang soemerep gambaripoen Djanaka, poenika kedah angèngeti: doenoenging kabagoesan koewi ana ing prasadja: de schoonheid ligt in de eenvoud. Margi makaten waoe, sinten kémawon ingkang wonten salebeting ringgit tijang dados Djanaka, kedah ngèngeti prakawis poenika, tegesipoen boten kénging damel pratingkah oetawi léléwa ingkang boten barès.

Bagoesing warni poenika namoeng salebetipoen manoengsa taksih kadoenoengan gesang. Tanpa gesang, tanpa oerip, kabagoesan tanpa teges babar pisan. Margi makaten waoe Kresna kalijan Djanaka poenika tansah toetoenggilan, ngantos binasakaken oepama soeroeh kaja loemah lan koerebé, béda roepané, nanging jèn ginigit toenggal rasané.

III. Panganggénipoen Wrekoedara.

Sadaja panganggénipoen Wrekoedara poenika kanggé pasemon, pangènget-ènget wedjanging goeroe toewin kanggé pikekahing pambekanipoen.

R. Wrekoedara nganggé:

Poepoek mas tjiri ing batoek: boten wonten ingkang pineleng kadjawi tjahja salebeting mandjing ing garbanipoen Hjang Déwaroetji.

Soemping kantjana pininda djaroting asem: boedinipoen R. Brataséna ngrawit kados djaroting asem, temenipoen pinter, nanging api-api bodo.

Soemping sekar poedak poetih: ndjawi nglebet sami kémawon, jèn wangi ndjawi inggih wangi ing nglebetipoen.

Anting kelat baoe rinéka manggis ginoebah katoet tekan kandagané: mralambangi: ing tembé doemoegining wekasan Brataséna boten wonten ingkang kinantoenaken.

Kaloeng naga banda: naga sawer, banda tatangsoeling sarira, mralambangi karosanipoen R. Wrekoedara timbang kalijan kroeraning naga, manawi mangoen perang boten watak kawon, kawonipoen manawi pedjah.

Gelang tjandra kirana: tjandra remboelan, kirana toelis; Brataséna anggènipoen nggoegoeroe tanpa papan tanpa toelis sampoen terang kados woelan poernama.

Koekoe pantjanaka salantjoer sisih: koekoe lalandep, pantja gangsal; ateges Brataséna sakalangkoeng moempoeni; oegi: minangka pikekaking kadang gangsal.

Tjawet polèng bang bintoeloe lelima: angontjati oetawi njingkoer nafsoening pantjadrija.

Paningset tjindé bara, binelah noempang wentis kakanan kéring: saged ambédakaken doenoenging panembah dateng déwanipoen.

Porong wastra: Brataséna amot sadjembaring djagadé.

Kakrontjong naga moeled pada: kanggé pangènget-ènget sagedipoen mandjing samodra pinanggih kalijan Déwaroetji, sareng naga ingkang anggoebet badanipoen sampoen sirna.

(badé kasambet).

OERAP-SARI

KABAR OEMOEM INDONESIJAH.

SAKING SEMARANG.

Programma Congres Jong-Java ingkang XII. ing. Luna-Theater Semarang.

Senèn 23 December.

Djam 9 daloe: Receptie.

1. Pamboeka déning Pangarsa Congrescomite.
2. Panampining Pangarsa tjabang.
3. Sesorahipoen Pangarsa H. B.
4. Pambagja Pakempalan sanès.
5. Wangsoelanipoen Pangarsa H.B.
6. Tetingalan.
   a. Panembrama déning Meisjeskring Jong-Java Semarang.
   b. Golèk } Soembangan K.G.P.A.A.
   c. Wirèng } Mangkoenagara VII.

Slasa 24 December.

Djam 7 éndjing: Athletiek ing aloen-aloen Bv. L. O.

Schermen.

Panahan.

Djam 8 éndjing: Parepatan H. B. + Commissie van meisjeszaken + oetoesan-oetoesan poetri.

Djam 4.30 — 5 50 Bal-balan ing aloen-aloen Go. thead.

Solo — Magelang A.

Djam 9 daloe: Openbare vergadering.

Agenda:

1. Reorganisatie voorstellen. J. J. inleider: H.B. J. J.
2. Reorganisatie voorstellen J. J. P. inleider: Centraal Bestuur J. J. P.

Rebo 25 December.

Djam 7 éndjing: ngladjengaken Athletiek ing Bv. L.O. tennis ing A.T.C. baan.

Djam 8 éndjing: Besloten vergadering. I.

Djam 3 30 — 5.35 Bal-balan:

Batavia — Jogja B.

Soerabaja — Malang C.

Djam 9: **Opvoering.**

Kemis 26 December.

Djam 8 éndjing: ngladjengaken tennis.

Djam 8 éndjing: Besloten vergadering II.

Djam 3 30 — 5.45. Bal-balan.

Semarang — Winnaar B. D.

Winnaar A — Winnaar C. E.

Djam 7½ daloe **Opvoering** para poetri.

Djoemoeah 27 December.

Djam 8 éndjing: Besloten vergadering III.

Djam 4.30 — 5.50. Bal balan.

Winnaar D. — Winnaar E.

Djam 8 daloe: Openbare vergadering II.

Agenda:

1. Ngladjengaken Agenda I.
2. Verslag-verslag.
3. Overdracht pangrèh dateng Koemisie v. voorbereiding.

Sabtoe 29 December.

Djam 6½ éndjing. Excursie dateng Djatiroengga.

Djam 4.30 — 5.50. Bal-balan.

Kampioen 1928 — Kampioen 1929.

Djam 6½ daloe: Kampvuur.

„ 9 daloe: Reunie.

Verslag tjekakan saking Studieclub Kath. ing Soerakarta.

Nalika tg. 8 Dec. 1929 pak. kasboet nginggil ngwontenaken ledenvergadering, karawoehan sad. kakoeng lan poetri (sawatawis).

Wontening rembag ingkang pantes koela atoeraken ingarsa pandjenengan sadaja i. p.: I. Minangka pambikaking parepatan sad. Joesoep ngandaraken bab tindak martamoe nipoen Sang Praboe Fictor Emanuëdateng Vaticaan, kanti mengagem kaprabon dalem, lan kosok-wangsoelipoen ngersa dalem I. S. Kg. St. Rama Pius XI oegi badé gentos tindak mertamoe, dateng Sang Praboe, ingkang tjalon tinampi kanti ageng-agengan ing „Villa Savoya." Saladjengipoen spreker ndorèngaken bab tandangipoen pers Katholiek ing Italië gegajoetan kalijan djaman nalika moejek-moejekipoen rembag „Romeinsche kwestie" kénging koela tjekak sanjata mitajani, pantes sinoedarsana, pantes sineboet tetamènging Vaticaan: tetamènging P. Soetji. Tandangipoen Journalisten Katholiek ing Italië, tjag-tjeg, ngertos ing wadjib-sajektos; ndadosaken éringing mengsahing Vaticaan; mila boten nggoemoenaken jèn mengsahing Clericaristen partij (geestelijken partij) protest dateng Reg. Italië soepados ngrampasa pers-pers Katholiek. Missolini, dictator Italië gegajoetan lan bab poenika naté ngandika wonten ing ngadjenging para djedjempoling partij² politiek ing Italië, makaten oegi wonten ing ngadjenging partij-nipoen pijambak (partij fascist) „jèn ngrampas kamardikaning pers Katholiek poenika awratipoen ngoengkoeli perangipoen Napoleon." Ing saladjengipoen spreker njoewoen dateng parepatan kersaa djoemeneng, mèngeti prakawis poenika, saha pratanda soengkem kita dateng Rome.

Sadaja sami katingal gambira lan mongkok ing manah! Moegi-moegi ndjawi nglebet, lair batos, toehoea dateng Vaticaan.

II. *Couserie saking sad. Sabdawijata bab „Rond de Chin. gelijkstelling."* Couserie waoe kénging koela pérang:

a. Beknopt overzicht over eenige der heerschende adatsvormen. Nerangaken bédaning adatsrecht lan familierecht. Indonesiërs menggaking staatsrechterlijk boten kapranata manoet familierecht, nanging mawi adatsrechts; Tjina makaten oegi, nanging jèn Regeering Nanking sampoen rampoeng anggènipoen ngéwahi poenapa ada²: ngwontenaken familierecht katata tjara Europa, Tjina ingriki inggih badé idem kémawon. Manoet rantjangan familierecht waoe mbéndjing tg. 1-1-30 sampoen rampoeng lan katindakaken, dados ateges „Tjina" badé kasamèkaken (gelijkgesteld) lan bangsa Europa.

b. Beteekenis der gelijkstelling op:

1. *Staatsrechterlijk gebied.* Ingatasing bab poenika, migoenani sanget, djer jèn kénging prakawis ladjeng kaoeroes ing Raad van Justitie, dados boten kados déné para Indonesiërs taksih mawi kaoeroes pating tjroewil wiwit dessaraad, districtraad, Regentschapsraad, Landgerecht lsp. sateroesipoen Justitie langkoeng saé tinimbang raad-raad kaseboet, djer ingkang dados ambtenaar-ipoen sami tampi opleiding samestinipoen. Kedjawi poenika, para gelijkgestelden jèn dipoenoekoem inggih langkoeng sakétja lan saé papan saha tedanipoen tinimbang para Inlanders; makaten oegi ing papan sanès, oep.: sakit ing Hospitaal, para gelijkgestelden langkoeng misra panggénan lan tedanipoen, tinimbang . . . . . ? (Inlander).
2. *Agrariesch gebied.* Para gelijkgestelden boten gadah „Grondbezitsrecht" nanging saged angsal „Eigendomsrecht" i. p. toembas siti ingkang kanggé jasa gebouwen inrichtingen l.s.p. Ing saladjengipoen „inleider" nerangaken oegi bab „beschikkingsrecht, bezitsrecht, communaal- lan induviaalbezit, erfpachtswet, ontginningswet, staatsdomein, beschermingswet, Agrariesche wet," karowanen jèn koela serati sadaja.

c. Actie van 't I.E.V. betreffende de gelijkstelling.

Spreker njrijosaken bab „N.I.P." (Nationaal Indische Partij; initiatief saking Douwes Dekker alijas Mac Hovelaar oet. Multatuli, R. M. Soewardi Surjaningrat sapoenika ladjeng bekend sineboet „Ki Adjar Déwantara lan Dr. Tjiptamangoenkoesoema"). N. I. P. waoe ladjeng petjah dados B.O. lan I.E.V. I.E.V. gelijkgesteld ingatasing „staatsrechterlijk gebied" sami lan Walandi totok; I. E. V. afd. Bandoeng njoewoen dateng Pamaréntah bab „Agrariesche gelijkstelling" kasamèkna lan Indonesiërs. Nanging ngantos sapriki dèrèng angsal. Namoeng saged angsal „klein Landbouw."

d. Gelijkstelling der Chineezen met de Europeanen.

Spreker nerangaken art. 163 ing I(ndische) S(taatsinrichting oetawi art. 109 ing R. R. i. p. bangsa ingkang kasamèkaken lan Walandi i. p. I. Bangsa Walandi, II. bangsa Europa sanèsipoen Walandi, III. bangsa Japan lan bangsa mantja sanèsipoen (kedjawi I. lan II.) ingkang ing tanah-tanahipoen mawi pranatan familierecht.

Tjina saged toembas tanah, nanging saking tanah-tanah particulier oep.: Tjiasemlanden lsp. hak waoe kawastanan: „Chineesch Inlandsch bezitsrecht"; ing saladjengipoen nerangaken actie „Sw. Publiek" njoewoen dateng Pamaréntah bab „Klein Landbouw" jèn boten pareng ing tn. Djawi, inggih ing Sumatra. Sin Po tegen lan bab poenika, njoewoen gelijkstelling; Chin. Inl. bezitsrecht itjal, awit jèn boten makaten soelaja lan wontenipoen burgeroorlog ing tn. Tjina ingkang wosipoen inggih namoeng badé ngekahi hak tanah! Indonesiërs prajogi wetah hakipoen bab poenika!

e. Ons standpunt ten aanzien der gelijkstelling.

Bab poenika spreker ketingal „masa bodoa kono" (margi pantjèn sampoen kedah makaten; Hercules). waton boten mitoenani bangsa kita i. p. ingatasing grondbezitsrecht. Spreker nerangaken jèn wontening Chin. gelijkstelling genah énggal badé wonten unificatie ingatasing staatsrechterlijk kanggé sadaja bangsa ing Indonesia, kados bab poenika saweg dados panggalihaning negari, lan sampoen matah oegi para djempol sawatawis kapoerih njinaoe. Sateroesipoen nerangaken toemraping gandèngipoen lan „locale raden." Jèn gelijkgesteld ateges oegi Tjina genah katah toemoetipoen dateng golongan Walandi! Kadospoendi?? Lan nerangaken bilih babagan lan papréntahan, mbokmanawi badé wonten éwah-éwahan, kados déné pakabaran ing „de Locomotief" ingkang badé karembag ing „Volksraad" mbéndjing parepatan tjandakipoen.

Doemoegi samanten, punt-punt ingkang pantes koela tjaosaken Sw. Tm. Vergadering keplok ramé sanget!!

Sadèrèk inleider ngandika sinten ingkang badé nambahi gandèng babad poenika!! Wonten sad. 3 i.p.

a. Sad. Joesoep boten atas namaning bestuur, nanging persoonipoen pijambak!

Nerangaken bab bingoeng saha crisis ing golongan Tjina, saja Tjina pranakan! Bingoeng (Tjina pranakan) badé nampi dados Chineesche onderdaanschap, poenapa dados Ned. onderdaanschap. Dados Ned. onderdaanschap ingkang pro lan gelijkstelling poenapa ingkang boten ngadjengi!!

Dados Chin. onderdaanschap, ateges wontenipoen ing Indonesia ngriki Tjina pranakan ateges dados tijang mantja. Nanging bab poenika koewatos jèn „boten dipoenakeni" ing Regeering Tjina. Ing saladjengipoen sad. Joesoep ndorèngaken ingkang ± sami lan artikelipoen Bambang Hercules ing „film Tjina lan film Indonesia ingkang ngrembag bab Chin. gelijkstelling." Spreker nerangaken oegi jèn tandangipoen Chineesche Voormannen tjengkah lan Chineesche journalisten, ndjalari sad. Indonesiërs sami ngetingalaken sangga roengginipoen. Wosipoen kita sadaja kedah atindak ngatos-atos!

b. Sad. Parmaka (vz. P.P.K.D.) mbombong poetra ontang-antingipoen i.p. Studieclub, ingkang pinatah nindakaken pakarjan wigatos lan gawat! Sateroesipoen pro lan Chin. gelijkstelling!

c. Sad. Dwidjaoetama pro lan Chin. gelijkstelling, djer mangké ndjalari bezitsrecht saja veilig!

d. Sad. Djajaoetama. Ngrembag gelijkgestelden en niet gelijkgestelden. Djaman roemijin tijang Djawi „staatsrechterlijk gebied, handelsrecht, makaten oegi grondbezitsrecht" wetah, alijas sampoerna! Sapoenika ingkang nama taksih sampoerna i. p. grondbezitsrecht. Mila recht sanèsipoen badé kaoedi wangsoelipoen malih, kaoedi ngambah margi „evolutie."

Samanten kémawon, mindak ngebak-ebaki papan.

Bimbhostha 10 December 1929.

Verslaggever: HERCULES.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

KATHOLIEK INDONESIA KALIJAN SAKOLAHAN.

— DWIDJA-SWARA ING MEDARI. —

Rembag „jasa sakolahan" manoet S. Kth. saweg dados rembagipoen H. B. P. P. K. D. Éwadéné *Patjar-Mérah* dinten poenika nggepok rembag waoe, déning kadajan andaranipoen sadèrèk „Draadloze Telegrafie" ing Sw. T. kapengker.

***

Onderwijs adamel adjenging nagari! Prakawis poenika sampoen tetéla!

Indonésijah kekirangan sakolahan, poenika inggih sampoen genah!

Wiwit kina mila, kita Katholiek anggadahi wawaton: pradja oetawi nagari makaten boten kok anglijer bebahaning kawoela. Tegesipoen: boten kok sadaja-sadaja kedah nagari ingkang ngawontenaken.

Tijang sepoeh anggadahi wewenang dateng anak! Bapa bijoeng anggadahi koewadjiban anggoela-wentah anakipoen, minteraken, andadosaken tijang. Dados tijang sepoeh anggadahi wewenang milihaken sakolahan kanggé anakipoen. Margi makaten waoe, nagari boten kénging manawi ladjeng moengel: „Anakmoe koedoe kosekolahaké kénél!"

Dados, ing ngriki terang: sakolahan-sakolahan poenika boten kok sadaja kedah saking nagari. Malah saja katah sakolahan partikelir, poenika ngatingalaken manawi kawoela ngrikoe gadah katijasan.

Ngèngeti wawaton Katholiek makaten poenika, koela mangajoebagja dateng tradjangipoen pakempalan-pakempalanIndonèsijah ingkang sami ada-ada ngedegaken sakolahan. Boten mawi èwed-pakèwed koela poeroen ambikaki toedoeng pakempalan-pakempalan waoe.

***

Kadang Katholiek! Kita sami mangretos, sad. Protèstan Indonésijah sampoen saged nglijer sakolahan pinten-pinten. Kita soemerep, sadèrèk M.D. sampoen anggadahi sakolahan pinten² wonten pinten² enggèn soemebar ing tanah Indonésijah ngriki.

Njipati kawontenan makaten poenika, kita kedah goemarégah anoetoeti ing sasaged-saged kita!

Ènget saoedara, kita poenika inggih dados anakipoen Iboe Indonésijah, boten béda kalijan sadèrèk-sadèrèk kita ingkang anggolong wonten B.O., M.D., P.G.B. lss. Mila inggih kedah toemoet ngadjengaken tanah kalahiran kita!

***

Andaranipoen sadèrèk „Draadloze Telegrafie Medari" kaseboet ing S.T. kapengker sampoen boten kirang gamblang, boten kirang greget!

Gotrah Katholiek Medari ingkang wiwit parepatan adegipoen van Lith-Stichting, sampoen ngoengsel-oengselaken oesoelipoen „ngedegaken sakolahan", doemoegi sapriki pantjèn boten kemba babar pisan! Gotrah Medari boten namoeng *„djoeal soeara"*; dipoenboektèkaken, dipoenwoedjoedi!

Papanggihanipoen goeroe-goeroe Katholiek ing koekoeban Medari kala 15 Dec. poenika, sampoen anetepaken wontening pakempalan „DWIDJA-SWARA." Pakempalan poenika ing woelan Djanoewari 1930 sampoen wiwit nglijer sakolahan doesoen kagoenganipoen Can. Stichting ing Kadisana. Para warganipoen, pendak woelan kadjibah ambajar oeroenan 1%-ning bajaripoen.*)

***

Koela memoedji moegi tradjangipoen gotrah Katholiek ing Medari (toewin Madijoen) kaseboet nginggil, dadosa tetoeladan toewin pametjoetipoen wandawa Katholiek ing sanès panggénan.

Nanging *temenipoen*, actie ngawontenaken sakolahan makaten poenika dados tebaning pakarjanipoen P.K.W. (oet. K.W.) toewin W.K.

Mila pangadjeng-adjeng koela moegi *P.K.W. ladjeng manggaliha anindakaken actie ngadani sakolahan waoe; déné P.P.K.D. andjampangi, lan toemandang manawi wonten damel pari damel ingkang kedah dipoentandangi P.P.K.D.*

Mangga dipoentandangi! Sampoen ngantos kita tinetah anak poetoe kita dipoenwastani: „moeng ngénak-énak mangan toeroe waé, tanpa barata, sepi kaprajitnan."

Koela atoeri ènget: *kawontenan ing samangké poenika boten mesti taksih lestantoen kados sapoenika.*

Mangga sadèrèk, sampoen katalompèn! Sagantenipoen rob. Sinten ingkang poeroen bedol djangkar ambèbèr lajar, inggih badé saged njabrang saganten wijar ngaloek-aloek!

Mangga sadaja kémawon sami angombjongi pandjenenganipoen tw. Locordaire: „Je suis le citoyen des temps futurs." „Akoe iki dadi kawoelaning kalamangsa ing tembé boeri." Kita Katholiek pantjèn dados kawoelaning djaman béndjing, inggih djaman kalanggengan inggih djamanning anak poetoe sapitoeroetipoen! Mila, moempoeng dèrèng kasèb, mangga dipoentandangi, mangké mindak dados tetahanipoen anak poetoe!

Sapisan engkas: *„kawontenan ing samangké poenika boten mesti taksih lestantoen kados sapoenika."*

Kumuningsaselé 15 November 1929.

Taklim:

PATJAR MÉRAH.

*) Bab kabar adeging „Dwidja Swara" poenika saking palapoeranipoen particuliere—verslaggever-ipoen Patjar Mérah pijambak, ddo. 15 Dec. sonten.

Tijang anggantoeng.

Sadèrèk *Dajoen*, Magelang Zuid, martosaken: pak Tambeng ing Bodjong (Moengkit, Moentilan) kala 9-12-'29 ngendat sarana saroeng wonten panging wit. Sebabipoen, namoeng margi *kanggé seksi* lalajanan kalijan poelisi. *(—Djaman sampoen makaten, taksih wonten tijang adjrihipoen dateng poelisi kados pak Tambeng. Kawontenan poenika dados paseksèn moersid, kantja alit katah ingkang adjrih sanget kalijan golongan poelisi, (B. B.), saking adjrihipoen ngantos kados tikoes kalijan koetjing; panganggepipoen dateng B. B. namoeng: toekang nggolèki loepoet, toekang ngoendjara, toekang njentak, toekang nggetak. Lepatipoen sinten?—Golongan B. B. pijambak!! — Red.—)*

Dajaning awis teda lan awis pandamelan.

Saking tjarijosipoen *Draadloze telegrafie Medari*, margi dajaning awis teda lan awis pandamelan ing doesoen-doesoen bawah Sléman, ing ngrikoe katah reresah pandoeng, langkoeng-langkoeng bawah o. d. Pakem. Goeroe-goeroe Medari badé ngwontenaken roeroekoenan djagidjinagi toemrap sakantja, klilingipoen giliran mawi mandi sandjata, lampahipoen ngalih-ngalih ing saben daloe.

Gendra ing Gemeente Raad Betawi.

Bintang Timoer angsal pawartos, para warga gemeente raad Betawi ingkang sami medal, tjalon sami poeroen kapilih malih, margi sampoen wonten pranatan ingkang njenengaken. (Nanging sadèrèk Thamrin wekdalipoen sapoenika meksa boten saged dados loco burgemeester).

Njahak kamardikaning tijang nglampahi Agama.

Bintang Timoer 5 Dec. ngewrat panjaroewé saking Celebes Lèr katandan M.

M. njarijosaken bilih Controleur Allaart ing Kotamobagoe ngedalaken serat dawoeh soeraos: „. . . Sinten ingkang Agama Kristen manawi boten pikantoek idinipoen Zelfbestuur, boten kénging ngrasoek Agama Islam."

(Manawi sadèrèk M. waoe temen, toewan Allaart pantjèn kedah kaèngetaken, awit lekas makaten poenika tétéla nerak pepatjak kamardikaning tijang nganggé ngrasoek Agama. Red.)

CORRESPONDENTIE.

Lengganan Swara-Tama, ingkang pambajaripoen loemantar K. W. Soerakarta wiwit Februari t/m December; klempaking arta wonten f145,675 (satoes kawan dasa gangsal roepijah nem ketip tigang bénggol). Pilah—pilahipoen makaten:

No.	75	H. S. S.	f 6,25
„	77	R. C. S. Br.	„ 4,50
„	99	S. K.	„ 6,75
„	122	R. S. M.	„ 6,75
„	160	I. M. P.	„ 6,75
„	291	R. Ch. S. Br.	„ 2,50
„	309	J. B. Dj.	„ 6,30
„	337	R. Fr. S.	„ 6,75
„	419	W.	„ 1,85
„	436	L. J. P.	„ 3,25
„	527	J.B.D.	„ 3,20
„	552	Rm.B.R.	„ 4,25
„	601	R Siti. Ch.	„ 1,50
„	607	M. J. H.	„ 3,00
„	613	P. S. N.	„ 7,00
„	620	J. K.	„ 1,00
„	652	T. J. S. D.	„ 6,25
„	654	I. S.	„ 5,25
„	673	R. I. W. Dw.	„ 6,25
„	679	R.A.P.S.	„ 5,70
„	709	A. J. W.	„ 3,50
„	747	S.	„ 4,25
„	784	H. H. At.	„ 2,50
„	792	M. J. M.	„ 5,50
„	793	M. J. D. Dj.	„ 4,75
„	618	W.	„ 0,50
		D. D. Sanoesoebrata.	„ 1,00
		Ph. Tirtadihardja.	„ 1,00
No.	619	S. Tj.	f 1,00
„	764	A. J. W.	„ 2,75
„	564	P. W. Tj.	„ 1,00
„	119	R.P.S.P.	„ 1,00
„	328	M. S. M.	„ 6,75
„	16	Rm. St.S. D.	„ 5,25
„	222	J. S. Ad.	„ 2,50
„	511	Rm. St. Dj.	„ 3,00
„	657	T. Pr.	„ 2,50
		Marjahardjana.	„ 1,87⁵

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang **moerah**

DJOKJA Telf. 252 — BANDOENG Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama **dapat POTONGAN.**

PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÈT INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON
DUNLOP
R. I. W.
} RIJWIELEN

Nitjil kénging! – Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS – ROEMAH GIDANG
MALIOBORO – DJOKJA – TELF. 508.

KALAU BELI OBAT - OBAT

DJOKJA — DJOKJA

mémang tiada maoe pakai pertjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar **Djangan beli sama sekali.**

Obat-obat keloearan roemah² obat

MALIOBORO **„RATHKAMP"** MALIOBORO

soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

DJOKJA **„RATHKAMP"** DJOKJA

tanggoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP" dan „ERCEE"

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

HEEL DE ARCHIPEL

LEEST

DE KOERIER

EENIG R. K. DAGBLAD

IN NED. INDIE.

TOKO DJOEN & CO.

PATJINAN Telef: No. 374 DJOKJA.

BOEWAT MERAJAKAN HARIE RAJA TAHOEN BAROE.

KITA BAROE TRIMA:

ROEPA² MERTJON DAN KEMBANG APIE

Dari fabriek di Batavia, Semarang, Koedoes, dll.

OKKERNOOT dan KASTANJES per pond . . . . . F 1.00

BOEWAH APPEL jang bagoes dan lain².

Datenglah saksiken!

Memoedjikan dengen hormat

Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG-BARANG.

H. SPIEGEL – DJOKJA.

BOEAT KEPERLOEAN ST. NICOLAAS:

kami ada sedia:

roepa-roepa dolanan bagi anak-anak

moelaï harga 15 cent sampai f 40.

OENTOEK KEPERLOEAN KERSTMIS,

kami ada sedia:

matjem-matjem barang boeat geschenk; Kerstboomen dan perhiasan Kerstboom

Sekolahan-sekolahan dan perhimpoenan-perhimpoenan, **bisa terima potongan harga.**

VOLKSALMANAK MELAJOE

1930

soedah habis didjoeal

Dalam koerang lebih tiga boelan sadja soedah bisa lebih dari

40.000

(beloem terhitoeng 40.000 **Volksalmanak Djawa** dan **Soenda**)

akan tetapi djangan takoet

sebab mengingat keperloean toean² jang beloem memesan, **BALAI POESTAKA** soedah moelai tjétak tambahannja Volksalmanak Melajoe

8000 lagi!

SIAPA SOEKA BOLÉH BELI, SIAPA SOEDAH TENTOELAH POEDJI!

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan [8])	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang [5])	7.	Pemalang [3])	7.30.	Kepandjèn	6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal [2])	7.30 - 9.30.
Djokja:		Medari [6])	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap [8])	7.30.
„ Jav.	6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6 - 8.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon	7 - 8 - 9.
Djombang [1])	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Semarang:		Wates [7])	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:	
Gandjoeran [2])	7.	Ngawi [7])	7.30.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
Gombong [3])	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn [4])	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.	Wonosobo [8])	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7 - 9.	Soekaboemi	6 - 7.30.		
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean [1])	7.30.				

[1]) 1e. Achad. [2]) 1e. + 3e. Achad. [3]) 2e. Achad. [4]) 1e. Achad tiap² doea boelan. [5]) 1e., 2e., 4e. Achad. [6]) 2e., 4e. Achad. [7]) 3e. Achad. [8]) 4e. Achad.

MANTJA NEGARI.*)

NEDERLAND. Audientie. Tengkoe Mahmoed saking Atjih kala 12 Dec. poenika sowan odènsi dateng ngarsa dalem Nata Wilhelminah.

***

Temboeng Djadjahan. Saking tjarijosipoen *Aneta*, wonten Memorie van Antwoord toemrap rantjangan waragad nagari, Minister Djadjahan mratélakaken ing serat-serat officieel toemrap tanah djadjahan, sasaged-saged badé njingkiri temboeng „Koloniën." Nanging ngitjali babar pisan inggih boten saged margi gandèng kalijan oengeling angger ingkang migoenakaken tetemboengan waoe. Poenapa ing basa Walandi wonten temboeng sanès ingkang kénging kanggé nggantos tetemboengan waoe, poenika taksih dados pitakénan.

***

Maboer ngideri bawana. Kabar *Aneta* saking Den Haag njarijosaken toewan Van Lear Black gadah nijat béndjing Februari 1930 badé maboer ngoebengi djagad, mangkatipoen saking Groydon.

Ingkang nglampahaken mesinipoen tjalon toewan Geysendorffer kalijan Scholte. Kadjawi poenika wonten tijang Amérikah ingkang badé toemoet, i. p. tw. Wolfgang.

***

AMRÉRIKA. Padagangan alit. Ing wekdal ingkang kantoen² poenika padagangan alit (kleinhandel) ing Amérikah Sarikat katingal madjeng.

***

Kawontenan ing Haiti. Kawontenanipoen Haiti, sapoenika sampoen wangsoel tentrem kados waoe-waoenipoen.

***

Baita maboer. Britten, pangarsaning komisi-marine mentas damel pleidooi asoeraos soepados kapalmaboer Amérikah ingkang sapoenika sampoen wonten ingkang 66.000 ton poenika kadadosaken 135.000 ton. Oesoel poenika babar pisan boten njoelajani kalijan pradjandjijaning Washington. Déné ing Inggris ingkang sapoenika sampoen gadah baita maboer 107.500 ton inggih soepados dipoensoekani wewenang damel baita maboer ingkang agengipoen sami kalijan ing Amérikah.

***

Wedaling mas. Nembé poenika kapal *Bremen* ambekta mas pangaos 11 mlijoen dollar, kabekta dateng Inggris kanggé Midland-bank. Katjarijosaken bilih Midland-bank waoe taksih badé toembas mas malih saking Amérikah pangaos 7 mlijoen dollar.

***

Samboetanipoen pradja Parangakik. Salebetipoen minggoe kapengker parlement nampi oesoel bab samboetanipoen nagari Parangakik dateng Amérikah katetepaken 4025 mlijoen dollar. Ingkang ngroedjoeki oesoel waoe wonten 239, ingkang boten 100. Oesoel kaladjengaken dateng Senaat.

***

Tijang ingkang boten saged maos lan njerat. Manoet pakabaran ing *Daily Telegraph*. Amérikah Sarikat kalebet katah pijambak ingkang boten saged maos toewin njerat.

Manoet pétangan djiwa kala taoen 1910, wonten laré oemoer sadasa taoen 5 500.000 ingkang boten mangertos a.b.c., lan wonten laré diwasa 3.500.000 ingkang oegi boten saged maos toewin njerat basa Inggris. Nagari tansah amboedidaja sageda ngitjali analphabeten waoe.

***

Ngendat modèl baroe. Ing Curtiss Field (Long Island) mentas wonten prawan ngendat mawi tjara énggal. Prawan waoe njéwa montor maboer, sarta kapoerih ngaboeraken doemoegi inggil 1500 meter. Sareng doemoegi nginggil kenja *loehoer* ngengakaken konten, ladjeng mantjolot dawah wonten satengahing saganten.

***

Kéwan saganten anèh. Sasampoenipoen kaangkah salebetipoen 4 djam, djoeroe misaja oelam 5 saged njepeng kéwan saganten anèh, wonten tjelak Beach Have. Kéwan waoe pandjangipoen 3,65 m.; wijaring tjangkemipoen: 30 c. m. doemoenoeng wonten sanginggiling endas; boten gadah oentoe nanging oewangipoen atos kekah sanget, angébad-ébadi. Koepingipoen kados koeping babi. Ing koeping wonten mripatipoen njatoenggal.

Pandjanging angsangipoen wonten 10 c. m., wangoenipoen kados sigaran boewengan. Péranganing badan ingkang sisih ngadjeng wonten soekoenipoen, pandjangipoen 2,15 m. gadah dridji kalih.

Kèpèt ingkang doemoenoeng ing kiwa tengen woedjoedipoen kados soewiwining lawa, wijaripoen kirang langkoeng 2,75 m.

Kadjawi ing nginggil, kéwan waoe kaprenah ing weteng warninipoen djené, ing geger dadoe.

***

BULGARIJE. Kaboedidajan ingkang kina pijambak. Lembah Kazanlyh Boelgari poenika misoewoer déning pamedalipoen mawar. Ing ngrikoe katah papan kanggé ndamel lisah mawar.

Taoen poenika ing lembah Kazanlyh saged panénan sekar mawar katahipoen 7 mlijoen kilo, saged dados lisah 1880 k. g.

Panénan sekar ing taoen poenika langkoeng katah 20% tinimbang taoen kapengker. Mangka taoen poenika ing lembah waoe kerep kambah lindoe.

Pamedal lisah mawar samanten poenika ingkang sampoen kabekta medal dateng sanès nagari wonten 500 k. g.

Katjarijos kaboedidajan sekar mawar ing lembah Kazanlyh waoe wontenipoen sampoen kala djamanipoen Herodes, dados kalebet kaboedidajan ingkang kina pijambak.

***

ROESLAN. Nglawan Agami. Sovjet ngawisi tetijang mendet lan njadé kadjeng (kerstboomen) kanggé preloening riaja 25 December. Sinten ingkang nerak kapatrapan paoekoeman.

Serat-serat kabar Roeslan sami njarijosaken: padatan kerstboom poenika nama nglawan revolutie.

***

AUSTRALIE. Kabinèt. Kabinèt Australie ingkang énggal anggadahi warga Katholiek 7, i. p.

James Henry Scullin, minister Buitenlandsche Zaken lan Nijverheid.

Edw. Granville Theodoere, minister financiën.

Frank Breunan, minister justitie.

Jos Aloys Lyjons, pangageng Pos, poenapadéné minister B. O. W. lan Spoor.

Parker Moloney minister peken lan transport.

Senator Daly vice-president Uitvoerende Raad.

Franc. Mich Forde onder-minister invoerrechten lan uitvoerrechten.

***

TOERKI. Andandosi arta. Premier Ismet Pasha wonten salebeting nationale vergadering soeka rembag soepados wanita Toerki sami manganggé badé wedalan Toerki pijambak, poenapadéné soepados anggènipoen pepaès mawia sekar wedalan Anatolië kémawon. Pamrajogi makaten poenika preloenipoen namoeng soepados tetijang ambijantoe sedyanipoen Kabinèt andandosi economie gagajoetan kalijan mloroting pangaosipoen arta nembé poenika. Dados boten ateges mbaékot badé-badé wedalan nagari sanès.

***

DJERMAN. Késahipoen pradjoerit Inggris. Saradadoe Inggris sami wonten Rijn sampoen kaoendangan wangsoel. Telasipoen kala 12 Dec.

*) Petikan saking tilgram-tilgram *Aneta*, lss.